



Pou Piblikasyon Imedya: 05/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE EXCELSIOR PASS KI SE PREMYE NAN NASYON AN POU VALIDE KAT KI SOTI NAN ETAZINI KI BAZE SOU KONSÈY COVID-19 FEDERAL AK ETA A

Aplikasyon Scanner ke yo mete ajou a disponib pou biznis yo nan tout peyi gratis pou yon akseptasyon ant eta yo ki gratis, san danje, ak sekirize

Plis pase 5.6 milyon Kat Excelsior ak Kat Excelsior Plus ke yo rekipe depi lansman yo; Rezidan New York yo ki te pran vaksen nan New Jersey oswa nan Vermont elijib kounye a pou rekipere Kat yo

Plis pase 145,000 telechajman aplikasyon Scanner Kat Excelsior a ajiskadat ki reprezante entegrasyon atravè biznis New York yo; nouvo resous maketin pou biznis yo ki disponib [isit la](#)

Aprann plis sou Kat Excelsior a ak telechaje li [isit la](#)

Jodi a Gouvènè Kathy Hochul te anonse aplikasyon Excelsior Pass Scanner (Skanè Kat Excelsior) Eta New York la—aplikasyon konpayon gratis pou biznis yo—ke yo mete ajou pou pèmèt validasyon [Kat Sante SMART](#) (SMART Health Cards) yo ki soti nan emet ke yo fè konfyans andeyò Eta New York ki baze sou konsèy COVID-19 federal ak eta a. Yon solisyon ki se premye nan nasyon an, ki dirije pa Eta a epi ki fèt an kolaborasyon avèk [Inisyativ Akreditasyon Vaksen](#) (Vaccine Credential Initiative, VCI)—yon kowalisyon ki gen plis pase 800 òganizasyon piblik ak prive ki gen ladan Mayo Clinic, Boston Children's Hospital, Microsoft, MITRE, ak The Commons Project Foundation—nouvo sistèm validasyon aplikasyon an sipòte estanda ak akseptasyon akreditasyon vaksinasyon COVID-19 ant emtè yo nan tout peyi a, sa k ap ede plis moun retounen nan travay, lekòl, amizman, ak vwayaj san danje. Kòm yon pati nan angajman Eta a pou ekite ak aksè, nenpòt ki biznis oswa sit nan Etazini ka telechaje aplikasyon an gratis.

Jiskadat, plis pase 5.6 milyon Kat Excelsior, ki gen ladan plis pase 800,000 Kat Excelsior Plus, deja pibliye depi lè Eta New York te lanse platfòm volontè ki se premye nan nasyon an. Platfòm Kat Excelsior a ofri kounye a prèv vaksinasyon COVID-19 ak/oswa rezilta tès negatif atravè twa diferan opsyon Kat Excelsior yo, ansanm ak yon kopi dijital dosye vaksinasyon COVID-19 yon moun ak/oswa rezilta tès negatif atravè twa opsyon Kat Excelsior Plus diferan. Rezidan New York ki te pran vaksen nan New

Jersey oswa Vermont yo kapab rekipere prè vaksinasyon yo oswa dosye vaksinasyon dijital yo kounye a atravè Kat Excelsior Pass ak Kat Excelsior Plus, respektivman.

"New York te frape di pa COVID-19, e nou te mennen efò solid pou pouswiv solisyon inovan pou redinamize ekonomi an", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Kat Excelsior ak Kat Excelsior Plus—ki se premye sistèm kat tès vaksen ak tès negatif nan nasyon an—deja yo zouti enpòtan nan re-ouvèti an sekirite nan ekonomi nou an ak pwoteksyon sante piblik New York la. Nou ap agrandi solisyon sa a pi lwen menm ak yon seri estanda ki ke tout biznis yo ka itilize ak valide gratis, nan tout peyi a, ki baze sou politik ak angajman pataje ke Nouyòkè yo fè konfyans."

Kapasite validasyon elaji aplikasyon Scanner a afime angajman Eta a pou bay biznis New York yo tout zouti pou re-ouvri epi rete ouvè pandan y ap kreye yon modèl pou kolaborasyon nasyonal. Aprè mizajou jodi a, aplikasyon Scanner a pral kapab valide Kat yo ki soti nan Eta Etazini yo ki bay Kat Sante SMART yo, ki gen ladan Eta California, Hawaii, Louisiana, Virginia, e byento, Eta Washington—sa k ap pèmèt biznis yo itilize aplikasyon an pou anrejistre san pwoblèm epi san kontak plis kliyan ki soti andeyò New York.

"Nou eksite sou kolaborasyon ak lidèchip Eta New York nan devlope yon zouti ki fasil pou itilize pou valide prè vaksinasyon an pandan n ap antre nan otòn lan ak prevwa yon ogmantasyon nan aktivite andedan kay yo", **doktè Brian Anderson, doktè anchèf sante nimerik nan MITRE epi yon kolidè VCI, te deklare**, "Kowòdinasyon ki genyen ant eta tankou New York, California ak Washington ilistre pwisans [Kad Kat Sante SMAR](#) la ak estanda piblik ki disponib gratis pou sipòte inovasyon, enklizyon, ak entèwoperabilite nan tout Etazini ak aletranje."

"Adopsyon Eta New York nan kat Sante SMART ak mizajou nan aplikasyon Scanner a se yon gwo egzantp sou sa ki posib lè òganizasyon piblik, prive, ak òganizasyon kominotè yo travay ansanm pou reponn ak kriz epi rezoud pwoblèm", **Lila Tretikov, Vis Prezidan Antrepriz & Direktè Teknoloji Anchèf Adjwen nan Microsoft, te deklare**, "Bezwen pou reponn an ijans fas ak COVID-19 se sa ki enspire manm VCI yo pou konekte odela fwontyè ak baryè nan yon vrè ekspresyon kolaborasyon ouvè, ki devlope yon estanda ki mete moun an premye. Kè mwen kontan wè moun yo, biznis, ak inovatè yo nan sèvis piblik tankou Eta New York deplwaye itilizasyon Kat Sante SMART yo nan yon fason ki kontinye sipòte travay sa a."

"Lè VCI te adopte SMART Health Cards, nou te fè sa avèk objektif pou ede mond lan re-ouvri san danje lè nou bay moun yo aksè ak yon kopi dosye vaksinasyon ke yo ka fè konfyans pou yo itilize kèlkeswa kote ak kèlkeswa lè yo ta ka bezwen li", **JP Pollak, Ko-fondatè The Commons Project la, ak Chèchè Prensipal Cornell University, te deklare**, "Gras ak emetè yo fè konfyans nan tout peyi, ki gen ladan patenarya ak lidèchip ki soti nan Eta New York ak lòt moun ki ap defann teknoloji a ak demontre enpòtans itilizasyon li, gen plis pase 150 milyon rezidan Ameriken ki gen aksè ak yon Kat Sante SMART. Dènye mizajou nan aplikasyon Scanner Kat Excelsior a bay

Nouyòkè tankou mwen—ansanm ak dè milyon lòt moun nan Etazini—pouvwa yon mekanis senp, ki senplifye pou itilize Kat Sante SMART yo nan fason ki enpòtan."

Gras ak motè règ aplikasyon Scanner a, kad emetè yo fè konfyans yo asire ke Kat yo aksepte yo satisfè estanda emisyon Eta New York yo. Baze sou konsèy sante piblik eta ak federal la, sa gen ladann kalite vaksen, definisyon vaksinasyon konplè, yon angajman anvè aksesibilite atravè enpresyon ak nimerik ak pwoteksyon done sante moun yo. Aplikasyon an pral kapab valide tou Kat Sante SMART yo lòt emetè VCI ke yo fè konfyans yo gratis.

"Depi mas, yon ekip kolaborasyon toupatou nan Eta New York te travay lajounen kou lannwit pou devlope premye solisyon Kat tès negatif ak vaksinasyon COVID-19 nan peyi a", **Rajiv Rao, ki se Ofisye Teknoloji Anchèf ak Chèf Enfòmasyon Adjwen nan Eta New York te deklare**, "Mizajou jodi a nan aplikasyon Kat Excelsior NYS la ogmante kapasite li ak pòte li, alafwa pou moun ansanm ak pou òganizasyon, biznis, ak sit yo nan tout peyi a. Kòm premye sistèm validasyon ak règ motè ki baze sou konsèy COVID-19 federal ak eta a, nou ap kreye nouvo enfrastrikti dijital gratis ki aksesib ki mennen nou tout pi pre ansanm - ak pi pre moun yo ak pi pre bagay nou te manke depi twò lontan yo."

"Nou bat bravo pou Eta New York paske li angaje li nan yon kad ouvè pou verifye dosye vaksinasyon yon fason nimerik," **Rick Klau, Direktè Inovasyon Teknoloji an Chèf nan Depatman Teknoloji California, te deklare**, "Piblikasyon sa se yon etap enpòtan pou pi devan pou yon sistèm entèwoperab nasyonal ki fè verifikasyon enfòmasyon vaksinasyon pi fasil pou rezidan yo ansanm ak biznis yo."

"Teknoloji sa a pral ede asire ke verifikasyon vaksen an ka rive pi fasil ak yon fason ki pi efikas", **Gouvènè Jay Inslee, nan Eta Washington, te deklare**, "Mwen kontan paske eta Washington kapab asosye avèk lòt eta pou pote teknoloji sa a ak solisyon Kat Sante SMART la bay plis moun. Zouti sa a pral ede nou sispann pwopagasyon COVID la ak sove lavi plis moun."

Jiskadat, deja gen plis pase 145,000 telechajman aplikasyon Scanner Kat Excelsior a ki fèt—ki reprezante enpòtans zouti sa a nan ede biznis New York yo pou yo re-ouvri san danje epi yon fason entelijan. Sit New York yo tankou Fashion New York Week, Buffalo Bills nan Highmark Stadium, ak Tilles Center nan Long Island University te anonse itilizasyon Kat Excelsior ak Kat Excelsior *Plus* pou dènye evènman yo ak evènman k ap vini yo. Biznis New York gwo ak tankou piti nan tout sektè ki te frape di yo deda kontinye itilize Excelsior Pass nan tout eta a.

Nenpòt biznis, sit, oswa òganizasyon nan New York ka kòmanse aksepte aplikasyon Kat Excelsior a ak/oswa Kat Excelsior *Plus* la imedyatman lè yo telechaje aplikasyon Kat Scanner Excelsior NYS laki gratis ak verifyab nan [Apple App Store](#) oswa nan [Google Play Store](#) epi ranpli yon fòmilè enskripsyon ki kout. Gen plis enfòmasyon sou Kat Excelsior ak Kat Excelsior *Plus* pou biznis yo ki disponib [isit la](#). Nouvo resous maketin pou biznis yo disponib [isit la](#). Objektif aplikasyon an se sèlman pou valide Kat

ki soti nan emetè yo fè konfyans pou prè vaksinasyon ak/oswa rezilta tè COVID-19 negatif pou anrejistre biznis yo pa rapò ak Kad Kat Sante Smart la.

Nouyòkè ki enterese yo ka vizite epass.ny.gov pou retire Kat pa yo gratis jodi a epi aprann plis [isit la](https://isit.ny.gov). Nouyòkè yo ta dwe konnen yon Kat Vaksinasyon Excelsior *Plus* se yon kopi kanè vaksinasyon yon moun ki sekirize, epi nimerik, li pa gen yon dat ekspirasyon. Kat Vaksinasyon Excelsior yo valab pou 365 jou apre dòz final premye seri vaksen yon moun. Moun ki te resevwa Kat Vaksinasyon Excelsior yo anvan yo te fè mizajou sa a an me ka rekipere yon nouvo Kat nan epass.ny.gov nenpòt ki lè.

###

Lèt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)